



BATAY OUVRIYE - Mouvan Demokratik Popilè (MODEP) - Plate-Forme des Employés  
Victimes des Entreprises Publiques (PEVEP) - Komite Relèvman Diviyè (KRD) -  
Kòdasyon Nasyonal Sinistre (KONASI)

AYITI  
SE YON PEYI A LA DERIV  
SE YON PEYI OKIPE.

NI MINISTA, NI CLINTON  
PA ENTERESE NAN AVNI  
AYITI. KI MELE YO.  
PA KWÈ NONPLIS YO PRAL  
REKONSTWI OKENN PEYI POU  
NOU, SE PA PEYI PA YO.

KI SA NOU DWE FÈ ?

PREMYE BAGAY, PÒK NOU  
REPRAN ENDEPANDANS NOU  
POU NOU BATI AVNI NOU,  
AVNI PITIT NOU.

NAN SOLIDARITE,  
PA ANBA OKIPASYON.

NOU PAP JANM KA FÈ  
ANYEN SI NOU PA  
METE MINISTA DEYÒ!

ABA MINISTA !

VIV AYITI ENDEPANDAN !

Komite Pou Desokipasyon Ayiti

ABA OKIPASYON!  
ABA LESPWATASYON!  
ABA REPRESYON!  
ABA PWOJÈ LANMÒ ENPEYALIS LA!

VIV LIT KLAS OUVRIYÈ A!  
VIV LIT TI PEYZAN DOMINE ESPWATE  
VIV LIT TI ATIZAN!  
VIV LIT TRAVAYÉ SÈVIS PIBLIK YO!  
VIV LIT TI MACHANN YO!  
VIV LIT CHOMÈ YO!  
VIV LIT ETIDYAN, ELÈV, PWOSESÈ!  
VIV LIT TOUT PWOGRESIS KONSEKAN  
VIV LIT TOUT MAS POPILE YO!















**Li ENPÒTAN, li NESESE pou tout pwogresis konsekan pòte kole ak nou tout kote yo kapab nan kad mobilizasyon sa yo, pou sila yo ka PRAN FÒS, dekwa pou nou ka KANPE TOUT BON ni anfas Okipasyon-Titèl Minista a answa, ni anfas sousou k ap sèvi yo, ni anfas makout modèn k ap reparèt yo, ni anfas tout sistèm dominan, kowonpi ak imilyan yo soti pou blayi nan figi nou epi foure nan gagann nou an.**

**BATAY LA FENK KOMANSE!**